



Pou Piblikasyon Imedya: 14/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PEYAJ SAN LAJAN KACH GRAND ISLAND LAN PRAL AN SÈVIS 29 MAS**

***Apeprè 65,000 Otomobilis Vwayaje Atravè Baryè Grand Island yo Chak Jou yo pral Benefisye de Kondisyon Sikilasyon an ki pral Amelyore epi Redwi Blokis***

***Difizyon Nouvo [Reklam Piblisite](#) nan Televizyon avèk Lejand Ekip Foutbòl Ameriken Buffalo Bills la Thurman Thomas k ap Ankouraje Moun Enskri pou E-ZPass la pral Kòmanse Jodi a***

***Yo pral Retire Gichè Peyaj Aktyèl yo ([Onò](#) ak [Osid](#) Pon yo) Etap pa Etap Apre Aktivasyon an***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse peyaj san lajan kach yo pral kòmanse an sèvis nan Baryè Peyaj Grand Island yo le 29 Mas depandan de kondisyon metewo yo. Apati de trajè maten vandredi 30 Mas la, baryè peyaj Grand Island lan yo pap aksepte peman lajan kach ankò. Avèk konvèsyon a peyaj wout sikilasyon lib, san lajan kach yo, chofè yo pap bezwen kanpe epi rete tann pou yo peye yon peyaj, sa yo prevwa k ap konsève chofè yo apeprè 200 minit chak ane sou dire trajè yo.

“Peyaj wout sikilasyon lib, san lajan kach yo sèvi kòm egzanp ki montre angajman New York pran anvè yon sistèm transpò pou yon ekonomi 21èm syèk”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou fè tranzisyon nan baryè Grand Island a peyaj san lajan kach la, nou pral ekonomize tan epi soulaje blokis, k ap pèmèt chofè yo rive kote yo bezwen ale yo pi rapid ak nan fason ki pi efikas.”

“Menm jan ak anpil konsitwayen Nouyòkè nan Rejyon Lwès yo, mwen te viv fwistrasyon lè pou mwen rete tann san fen nan gichè peyaj sou Pon Grand Island lan yo, espesyalman pandan mwa ete yo pandan mwen pral Niagara Falls oswa Artpark”, **Gouvènè Adjwen Hochul te deklare.** “Anfen, jodi a sa fini. Paran estrese yo pap an reta ankò pou yo rive nan match foutbòl apre travay yo, epi chofè kamyon yo pap pèdi tan presye yo chita nan blokis. Peyaj san lajan kach la pral amelyore sikilasyon an, sa k ap pèmèt otomobilis yo rive nan destinasyon yo pi fasil ak pi rapid san yo pa bezwen kanpe pou yo peye yon peyaj. Mwens mach oralanti pral ede redwi polisyon pou yon anviwonman ki pi pwòp ak epi sa ap pi favorab a anviwonman an.”

An Out 2017, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) peyaj wout sikilasyon lib, san lajan kach yo pral kòmanse nan Baryè Peyaj Grand Island yo an Mas 2018. Depi anons lan, ekip yo te enstale de pòtik ayeryen sou otowout Niagara Thruway a (I-190), youn nan direksyon anvè lenò ak youn nan direksyon anvè lesid, kote chofè yo pral pase anba yo pou yo peye peyaj yo. Travay la gen ladan enstalasyon plak an beton k ap sèvi kòm sifas wout la nan lokalite peyaj san lajan kach yo, ansanm ak de estrikti sekirize adisyonèl kote yo ap mete ekipman pou opere teknoloji modèn depwent lan. Y ap fè tès sou sistèm lan pandan lannwit avan dat aktivasyon 29 Mas la.

Ak enplemantasyon peyaj nan wout rapid yo, detektè ak kamera modèn yo ap sispanndi sou otowout la, sou estrikti ki rele “gantries” ki li etikèt E-ZPass yo epi pran imaj plak imatrikilasyon yo, pou veyikil yo pa bezwen kanpe pou peye dwa peyaj ankò. Veyikil ki genyen etikèt E-ZPass yo ap faktire otomatikman. Y ap anrejistre plak veyikil ki pa genyen E-ZPass yo epi y ap voye yon fakti pa lapòs bay pwopriyetè chak veyikil imatrikile nan apeprè 30 jou. Kliyan ki peye Dwa Peyaj yo pa Lapòs (Tolls By Mail) yo ap peye menm tarif peyaj ak kliyan ki te konn peye ak lajan kach yo te konn peye anvan an, epi kliyan E-ZPass ki gen kont New York yo pral kontinye resevwa yon rabè senk pousan. To peyaj la an lajan kach pral rete 1 dola.

Nan kad anons jodi a, Direktè Pwovizwa Otorite Thruway a Matthew J. Driscoll ak ansyen pòtè balon ekip Buffalo Bills la Thurman Thomas te revele tou yon nouvo [reklam piblisite](#) ki gen lejand foutbòl Ameriken an k ap ankouraje Rejyon Lwès New York la pou yo enskri pou E-ZPass la, ki se fason ki pi rapid ak pi efikas pou peye peyaj yo. Reklam piblisite a pral kòmanse difize jodi a nan Rejyon Lwès New York la.

**Direktè Egzekitif pa Entèrim Otorite Thruway, Matthew J. Driscoll, te deklare,** “Plis pase 20 milyon otomobilis ki vwayaje konektè vital sa a chak ane a yo pral rekeyi fwi peyaj san lajan kach la k ap soulaje blokis, amelyore sekirite, ak redwi polisyon nan lè a. Peyaj san lajan kach la pral amelyore eksperyans trajè pou rezidan yo ak touris k ap vwayaje al Buffalo, Niagara Falls, ak pi lwen toujou”.

**Senatè Chris Jacobs te di,** “Kominote sa a te lite pandan anpil tan pou yon jou konsa rive epi mwen kontan anpil paske peyaj san lajan kach sou Pon Grand Island lan yo pral vin yon reyalite nan fen mwa sa a. Peyaj san lajan kach la pral redwi blokis sikilasyon sou pon yo, ede anviwonman nou an, epi estimile aktivite ekonomik. Mwen remèsye Gouvènè a pou lidèchip li sou kesyon sa a”.

**Manm Asanble Angelo Morinello te deklare,** “Mwen kwè avantaj chanjman sa a yo pral evidan prèske imedyatman. Li pral soulaje anbouteyaj onò ak osid pon yo pou sikilasyon ka mache san pwoblèm, li pral konsève tan vwayaj epi li pral ede redwi polisyon nan Grand Island ak zòn ozalantou yo. Mwen fòtman rekòmande tout moun ki itilize Pon Grand Island yo pou yo itilize E-ZPass si yo pa deja ap patisipe ladan. Nou tout trè kontan anpil pou nou wè pwogram sa a vin yon reyalite nan yon avni pwòch”.

**Egzekitif Konte Erie Mark C. Poloncarz te di,** “Peyaj san lajan kach la pral ajoute pratikalite epi redwi dire trajè pou anpil milye rezidan epi sa pral rann vwayaj yo pi fasil

ak pi rapid pou vizitè ki vin nan Konte Erie yo tou. Pèsòn pa vle chita nan blokis pi lontan pase tan ki nesèsè, epi kounye a veyikil yo pap kanpe nan gichè peyaj yo ankò. Inisyativ sa a pral kreye yon meyè anviwonman ki pi rapid pou tout moun kondwi”.

**Majistra Niagara Falls Paul Dyster te di,** “Avèk plis pase 8 milyon vizitè ki vini nan Vil Niagara Falls la chak ane, anpil vwayaje atravè Grand Island, tranzisyon pase nan peyaj san lajan kach la pral pèmèt yon trajè vwayaj ki pi fasil, ak pi favorab a anviwonman an. Pandan n ap apwoche sezon touris 2018 la, mwen vle felisite Gouvènè Cuomo ak patnè nou yo nan Otorite Thruway Eta New York la pou yon investisman rapid nan enfrastrikti ki pral senpleman kontinye amelyore eksperyans vizitè yo pou anpil ane k ap vini ankò”.

**Sipèvizè Vil Grand Island Ian, Nate McMurray, te deklare,** “Pi rapid, pi pwòp, pi bon. Grand Island, ak tout Rejyon Lwès New York la, ouvè pou biznis. Mèsi, Gouvènè Cuomo, paske w ede reyalize teknoloji peyaj san lajan kach sa a. Se yon etap enpòtan pou Rejyon Lwès New York la”.

**Sipèvizè Vil Amherst la, Brian J. Kulpa, te deklare,** “Aktyèlman la, anpil milye vwayajè k ap sot toupatou atravè zòn Buffalo a prefere Main Street oswa Sheridan Drive kòm wout altènativ akòz anbouteyaj nan gichè peyaj Williamsville la. Inisyativ Otorite Thruway a pran pou pote peyaj san lajan kach pou ale nan Rejyon Lwès New York la avan fen ane 2020 a pral gen enpak pozitif sou rezidan Williamsville, Amherst, ak Rejyon Lwès New York yo nan yon fason konsiderab, epi y ap redwi blokis sikilasyon anndan vil nou an”.

Pon Grand Island yo konekte Grand Island ki sou Niagara Thruway (I-190) lan ant Niagara Falls ak Komin Tonawanda. Se yon wout prensipal pou vwayajè ak vizitè yo ant Vil Buffalo ak Niagara Falls. An 2017, anviwon 23.5 milyon veyikil te vwayaje atravè Baryè Gichè Peyaj Grand Island yo (Grand Island Toll Barriers), ki trete prèske 65,000 veyikil pa jou. Avèk peyaj san lajan kach la, Grand Island pral vin tounen dezyèm lokalite peyaj san lajan kach Otorite Thruway Eta New York la. Yo te reyalize premye pwèn peyaj san lajan kach yo nan Pon Tappan Zee an 2016. Yo pral reyasiyen kolektè peyaj yo anboche aktyèlman nan de baryè peyaj Grand Island yo nan lòt gichè peyaj nan rejyon an yo.

Yon fwa peyaj san lajan kach sou Grand Island lan vin operasyonèl, Otorite Thruway a pral kòmanse retire baryè peyaj Onò ak Osid Pon Grand Island yo nan plizyè faz ki pral lakoz chanjman nan tandans sikilasyon an yo. Pandan yon peryòd ase kout, chofè yo pral kontinye vwayaje atravè baryè peyaj yo a yon vitès redwi san yo pa kanpe jiskaske yo retire gichè yo epi rekonfigirasyon wout la fini nèt. Yo fòtman ankouraje chofè yo pou yo itilize prekosyon ozalantou baryè peyaj yo pandan lè sa a paske l ap yon zòn konstriksyon aktiv. Vitès limit yo afiche pandan moun ap pase nan baryè peyaj yo pral 32 kilomèt alè. W ap jwenn tandans sikilasyon tanporè pou Pon Onò Grand Island lan [isit la](#). W ap jwenn tandans sikilasyon tanporè pou Pon Osid Grand Island lan [isit la](#).

Nan kad tranzisyon pou vwayaje nan yon fason ki pi pratik epi ki pi efikas sou wout New York yo, Otorite Thruway ap ankouraje tout otomobilis yo pou yo [enskri](#) pou yon E-ZPass NY, epi ekonomize sou dwa peyaj yo atravè eta a, ki gen ladan yon rabè senk pousan sou tout 917 kilomèt Thruway Eta New York la. E-ZPass ofri yon bann seri [plan rabè](#) ak opsyon peman pou satisfè bezwen chak otomobilis tankou Plan Vwayajè Grand Island lan.

Yo pral lanse kanpay pwomosyon E-ZPass la jodi a, k ap gen ladan ansyen pòtè balon Buffalo Bills la, Thurman Thomas, epi yo prevwa l ap difize nan chèn televizyon ak estasyon radyo lokal yo pandan mwa pwochen an.

Yo ka achte etikèt E-ZPass On-the-Go yo nan tout [liy peyaj lajan kach](#) nan Baryè Peyaj Grand Island yo, nan 26 [Zòn Sèvis Thruway yo](#) toupatou atravè sistèm lan, ak nan prèske [800 lokalite](#) atravè eta a ki gen ladan kèk makèt ak depanè, ak biwo leta a yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)